

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### **5.1 Kacindekan**

Karya sastra mangrupa karya seni nu digelarkeun ngagunakeun alat basa.

Ku lantaran kitu, alat jeung eusi dina karya sastra téh kudu gumulung enggonging ngawujudkeun ajén-inajén éstétika dina karya sastra. Salah sahiji poténsi éstétis nu dipibanda ku basa nya éta gaya basa. Alatan kitu, saban pangarang ngamangpaatkeun gaya basana pikeun ngamamanis karyana kalawan boga ciri nu mandiri dina maké gaya basana.

Nu jadi watesan masalah dina panalungtikan ieu nya éta ngadadarkeun perkara data gaya basa jeung purwakanti dumsar kana gundukanana. Metode nu digunakeun dina nganalisis gaya basa jeung purwakanti nya éta metode deskriptif, sedengkeun instrumen nu dipaké nya éta tabél data. Dina format tabél data ditangtukeun unsur-unsur nu baris dianalisis nu ngawengku: 1) nomer data; 2) nomer data gaya basa atawa purwakanti; 3) kode gaya basa atawa purwakanti; jeung 4) warna unggara gaya basa atawa purwakanti.

Gaya basa nu kapanggih dina novél *Sripanggung* karangan Tjaraka téh nya éta aya 228 unggara. Tina 228 unggara éta bisa diwincik deui jadi 12 wanda gaya basa, nya éta: 1) gaya basa ngupamakeun aya 42 (18,42 %); 2) gaya basa lalandian aya 25 (10,9 %); 3) gaya basa mijalma aya 5 (2,19 %); 4) gaya basa ocon aya 14 (6,14 %); 5) gaya basa ngasor aya 2 (0,87 %); 6) gaya basa rautan aya 2 (0,87 %); 7) gaya basa raguman aya 1 (0,43 %); 8) gaya basa Rarahulan aya 17

(7,45 %); 9) gaya basa kadalon aya 69 (30,26 %); 10) gaya basa kahanan aya 2 (0,87 %); 11) gaya basa ébréhan aya 7 (3,07 %); 12) gaya basa silib aya 21 (9,21 %); jeung 13) gaya basa mindoan aya 18 (7,89 %);

Purwakanti nu kapanggih dina novél *Sripanggung* karangan Tjaraka téh nya éta aya 276 purwakanti. Saupama di wincik deui, éta purwakanti téh nya éta 1) purwakanti pangluyu aya 57 (20,6 %); 2) purwakanti maduswara aya 121 (43,8 %); 3) purwakanti cakra swara aya 9 (3,26 %); 4) purwakanti laras purwa aya 8 (2,89 %), 5) purwakanti mindoan kawit aya 9 (3,26 %), 6) purwakanti laras wekas aya 75 (27,1 %); jeung 7) purwakanti laras madya aya 1 (0,3 %). Husus ngeunaaan purwakanti mindoan wekas tina novel *Sripanggung* teu kapanggih.

Pungsi purwakanti salian ti pikeun méré mamanis, tapi ogé boga ajén pikeun méré insénsitas harti. Mun seug dipatalikeun jeung gaya basa, tangtu matak jadi écés téembrés, tééla maksudna, jeung teleb karasana. Ieu di handap dipedar gaya basa numutkeun harti, upamana baé: 1) gaya basa ngupamakeun umumna ngagunakeun purwakanti maduswara; 2) gaya basa lalandian umumna ngagunakeun purwakanti maduswara; 3) gaya basa mijalma umumna ngagunakeun purwakanti maduswara; 4) gaya basa ocon umumna ngagunakeun purwakanti maduswara; 5) gaya basa ngasor umumna ngagunakeun purwakanti maduswara; 6) gaya basa rautan umumna ngagunakeun purwakanti maduswara; 7) gaya basa raguman umumna ngagunakeun purwakanti maduswara; 8) gaya basa rarahulan umumna ngagunakeun purwakanti maduswara; 9) gaya basa kadalon umumna ngagunakeun purwakanti pangluyu; 10) gaya basa kahanan umumna ngagunakeun purwakanti maduswara; 11) gaya basa silib umumna ngagunakeun

purwakanti maduswara; jeung 12) gaya basa mindoan umumna ngagunakeun purwakanti maduswara.

## 5.2 Saran

Aya sababaraha saran nu kawilang perlu ditepikeun patali jeung ieu panalungtikan, diantarana:

- a. pikeun guru, skripsi ieu bisa digunakeun pikeun bahan diajar, babakuna ngeunaan gaya gasa jeung purwakanti.
- b. panalungtikan ieu kakara misalna waé nganalisis gaya basa jeung purwakanti ditilik tina gundukanana. Ku kitu, perelu aya panalungtikan séjén dumasar kana jihat analisis nu lian, kayaning nganalisis dumasar tina struktur kalimahna.

